Su fekke ni bi ñu gisee ci yow doomu jàngoroy sida yàggul

Dem di seeti ndax yore nga doomu jàngoroy SIDA ñu gis ko ci yow nekk na lu diis lool. Waaye, lu mu diis diis, lu mu metti metti ci jamono yi ñu la koy wax, xam g inga xam ni yore nga doomu jàngoro ji dina mën guddal sa fan.

Ndaxte dinga mën a jariñu bu baax ci doctor yiy topp sa wer gu yaram, ak ci xam xam yu bees yi ñuy mujje jëfandikoo ci lu jëm ci fajum SIDA. Su fekkee ni doomu jàngoro ji dafa nekk ci yow te gisuñu ko, loolu mën na gaañ jumtukaay yi nekk ci sa yaram di la aar ci bepp jàngoro. Ba tax na, nit ñu bari ñu ame doomu jàngoroy SIDA te teelu ñu ko xam, ñu ngi yore yeneen jàngoro yu garaaw yoo xam ni mënoon nañu ci mucc.

Bés bi njëkk

Ci barab yu bari yi ñuy nemeekoo doomu jangoroy SIDA am na ñoo xam ni dinañu la taxawu, waxtaan ak yow laata ñu lay seet ak boo noppee. Ginaaw loolu, su fekkee ni danga soxla ñu gën la taxawu, defal la taxawu bu gën a yaatu, bu gën a yàgg, waxtaanal ak waa barabu wer gu yaram bi ngay fajoo, dinañu la dimbali, xelal la bu baax. Su la neexee, mën nga woote ci telefon yii ngir am taxawu ak ay leeral ci lépp loo yittewoo: 934582641 (gTt), 934584960 (Red 2002) ak 902362825 (CEDISA). Am na itam ay barab yu bari yoo xam ni dañuy taxawu ñi yore doomu jàngoroy SIDA di leen jàppale kenn ku nekk ci li mu yittewoo te duñu la fayeeku dara (Xoolal *InfoVIHtal 27 Mbootaay yiy dimbali imigere yi ame doomu jàngoroy SIDA*)

Jël ay matukaay

Jël ay matukaay yu am solo dina nekk lu jafe lool ci jamono yi ñuy nemmeeku doomu jàngoro ji ci yow. Lu mel ni tambali faju giy xeex doomu jàngoro bi (Mën nga xool *InfoVIHtal 3 Faju giy xeex doomu jàngoroy SIDA*) wala wax say mbokk aki xarit ni danga feebar, doon nañu ay mbir yu am solo.

Ci jamono yooyu, ñu bari ñu feebar duñu soxla lool tambali faju, donte ñi nga xam ni diggante bi ñu feebaree ak bi ñu koy gis ci ñoom nekk na diir bu gàtt, ñoonu mën nañu leen beral taxawu ak faj yoo xam ni ngir ñoom rekk lay doon. Waaye, li gën wóor mooy ni dinañu la tambalil taxawu ak toppatoog wer gu yaram gu sax, ndax ñu mën xam bu baax naka la sa yaram di xeexe ak doomu jàngoro ji.

Faju gi

Am lopitaan boo xam ni dina la mën taxawu ak doktoor boo déggóol, nekk nañu ñaari mbir yu mënul ñàkk. Kenn waxul ni danga war faju ci lopitaan bi ñu la gisale jàngoro ji, yow yaay tànn, ci biir lopitaani SIDA yi nekk ci réew mi, lopitaan bi ngay fajoo. Su la neexee, mën nga tànn lopitaan bu nekkul ci wetu coñ bi nga dëkk.

Am na ñoo xam ni lopitaan yu mag yi ñoo leen gënal, am ñeneen ñoo xam ni yi gën a ndax lañu taamu. Lenn rekk moo am solo, mooy am taxawug doktoor bu yàgg a ligeey ci fajum feebar yiy ànd ak jàngoroy SIDA.

Soo tànnee sa lopitaan ba noppi, dinañu la wax ngay ñëw ñetti weer yu nekk ngir ñu nemmeeku sa yaram. Ci ñëw yooyu, dinga mën waxtaan ak sa doktoor, defaale tamit ay nemmeeku ci sa wer gu yaram, nemmeeku yu mel ni CD4 (Xoolal *InfoVIHtal 2 Jumtukaay yiy aar ci jàngoro yi*) ak dayob doomu jàngoro ji ci sa yaram (Xoolal InfoVIHtal 8 Dayob doomu jàngoro ji). Ay nemmeeku yoo xam ni lañu dañuy wone ndax ay jàngoro dinañu la feeñu ci kanam, di leeral itam kañ nga war tambali jël garab yiy xeex ak doomu doomu jàngoroy SIDA.

Saa yoo tambalee faju, su fekkee ni feebar yiy ànd ak doomu jàngoroy SIDA dañu laa gën a feeñu, wala nga bokk ci ab gëstub wer gu yaram, ñu ngi lay digal ngay dem lu mu gën a bari di seeti sa doktoor.

Am xam xam bu jëm ci doomu jàngoroy sida

Ci njëlbéen, baat yu bari yu jëm ci doomu jàngoroy SIDA dinañu la xaw a jaaxal. Waaye loolu bu mu tax nga am benn jaaxle ndaxte am na ay xibaar yu bari yoo xam ni bind nañu leen ci anam yu gën a yomb ci yow.

Am xam xam bu jëm ci doomu jàngoroy SIDA dina la dimbali lool ci nga mën a nemmeekul sa bopp sa wer gu yaram, ak itam ngay mën di waxtaan ak sa doktoor ci mbir yu gën a am solo. Dina baax lool ci yow ngay déglu xibaar yi mujj a génn, ak itam di waxtaan ak ñu la mën di xelal, ñu mel ni ay doktoor, ay ligeeykati lopitaan, farmasi aki serwiisi doomu jàngoroy SIDA. Lépp lu la leerul mën nga wax ñu bindal la ko.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
e-mail: contact@gtt-vih.org
website: www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Colaboran: ETIS, Tropical Drassanes

Subvencionado por: Gobierno de España, Ministerio de Sanidad y Política Social – Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida; Generalitat de Catalunya, Departament de Salut – Pla Director d'Immigració; Ajuntament de Barcelona – Àrea d'Acció Social y Ciutadania

Mën nga jële xibaar yu am njariñ ci Internet. Su fekkee ni xamuloo fooy tambalee wala nga ame xel ñaar ci xibaar yi nga mën a gis ci Internet, ñu ngi lay xelal nga tambalee ci paasu Internetu gTt bii: www.gtt-vih.org, am na xibaar yu bari, ci xibaar yi gën a suufe ba ci yi gën a kawe.

Xamale ko

Seetal ta xalaat bu baax sooga xamale ni danga yore doomu jàngoroy SIDA. Kan nga ko war a waxtaaneel? Lu tax nga ko koy wax? Xalaatal ni nga koy waxe. Ban ndimbal nga yaakaar ci ñi nga koy wax? Lan ngay séntu ci ñoom? Ndax pare nga leen déglu su fekkee ni xibaar boobu jàppale nañu la ci wala deet? Tambalil waxtaan ak ñi nga xam ni yaakaar nga ni dinañu la jàppale, boo noppee nga xalaat ndax bëgg nga ko wax keneen, ku mel ni kenn ci ñi ngay ligeeyandool, te nga xam ni mën na am ni mu koy jële du la amal benn njariñ (Xoolal *InfoVIHtal 24 Xamale ni danga yore doomu jàngoroy SIDA*).

Xamante ak ñeneen

Xamante ak ñeneen, yeneen nit yu ame doomu jàngoroy SIDA, mën na nekk luy dalal sa xel bu baax. Su fekkee ni fi nga dëkk am na mbootaay guy yëngëtu ci lu jëm ci SIDA, mën na am mbootaay googu am mbooloo mu ñu jagleel ñi feebar bu yàggul. Su ko defee, dinga xamante ak nit ñoo xam ni kenn ku ci nekk dund na feebar bi, am na fu mu jaar bi mu feebaree, te mën na am nga bokk ak ñoom yenn jaar jaar yi, yenn jafe jafe yi. Loolu mën na la dimbali, dalal sa xel ci ni du yow rekk yaay dund feebar boobu.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
e-mail: contact@gtt-vih.org
website: www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Subvencionado por: Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida
Generalitat de Catalunya Departament de Salut Pla Director d'Immigració
Ajuntament de Barcelona Àrea d'Acció Social y Ciutadania

Colaboran: ETIS TROPICAL DRASSANES